



## OU BEZHEN CHWAZI

Pifò moun nan Medicaid dwe enskri nan yon plan sante oubyen plan dantè. Si ou se youn nan moun sa yo, w ap resevwa yon lèt k ap di w non plan w lan (yo). Ou genyen 120 jou pou chwazi yon lòt plan si ou vle chanje plan. Lèt ou an ap di w kijan pou chanje plan.

## KÒMAN POU OU FÈ POU JWENN SÈVIS

**Si ou enskri nan yon plan sante oubyen plan dantè,** kontakte plan w lan pou enfòmasyon sou pwofesyonèl sante ak sèvis li kouvi yo. Si ou bezwen èd pou jwenn enfòmasyon kontak pou plan w lan, rele Liy Asistans Medicaid nou an nan **1-877-254-1055**.

**Si ou pa nan yon plan sante**, ou nan fee-for-service Medicaid. Pou enfòmasyon sou pwofesyonèl ak sèvis ki kouvi yo, rele Liy Asistans Medicaid nou an nan **1-877-254-1055**.

## KAT IDANTIFIKASYON FLORIDA MEDICAID OU A

Chak grannoun ak timoun ki kalifye pou Florida Medicaid pral resevwa yon kat idantifikasyon dore. Si ou pa resevwa kat dore ou a, ou kapab kontakte Depatman Timoun ak Fanmi nan **1-850-300-4323**. Si ou pèdi kat dore ou a oswa yo vòlò li, deklare sa bay Depatman Timoun ak Fanmi kou ou rann kont sa. Se sèlman biwo Depatman Timoun ak Fanmi la ki kapab ba ou yon nouvo kat dore.

Si ou resevwa swen kote ou peye yon frè pou sèvis la, toujou mache ak kat dore ou a lè w ale kay doktè, nan famasi, nan lopital, oswa nenpòt lòt kote pou resevwa swen medikal.

Si ou enskri nan yon plan sante oubyen plan dantè, w ap resevwa yon kat manm tou nan plan w lan. Toujou pote kat manm plan w lan avèk ou lè w ap resevwa swen medikal oubyen swen dantè. Kontakte plan w lan si ou gen kesyon sou kat manm plan w lan.

## SA KI SOU KAT LA

Devan kat dore Florida Medicaid ou a gen non ou ak yon nimewo idantifikasyon kat ki rele Nimewo Kontwòl Kat la. Nimewo sa a pa nimewo Medicaid ou, men nimewo sa a pral pèmèt pwofesyonèl swen sante yo verifye si ou asirans ou a bon avan yo ba ou sèvis yo. Sou do kat la gen enfòmasyon ki di pwofesyonèl swen sante ou jan pou jwenn nimewo Florida Medicaid ou ak verifye si asirans ou bon nan moman an. Nimewo yo ki sou do kat la se sèlman pou pwofesyonèl swen sante a itilize. Pa rele nimewo yo ki sou do kat la.

Enfòmasyon sou kat manm plan sante oubyen plan dantè w la ap diferan. Tanpri kontakte plan w lan pou kesyon sou kat manm ou an.

## NIMEWO IDANTIFIKASYON FLORIDA MEDICAID OU A

Nimewo Idantifikasyon Florida Medicaid ou a pa sou kat dore ou a. Nou kenbe nimewo Florida Medicaid ou a nan yon dosye Florida Medicaid. Nenpòt pwofesyonèl swen sante kapab itilize kat dore oswa kat manm plan sante ou a pou verifye dosye Florida Medicaid ou pou wè si ou kalifye pou resevwa sèvis Florida Medicaid yo


## KENBE KAT LA

Kat dore ou a se idantifikasyon pèmanan ou. Menm si ou ta vin pa kalifye pou Florida Medicaid ankò, ou dwe toujou kenbe kat dore ou a. Si ou ta vin kalifye ankò, ou kapab itilize menm kat dore a.

Ou ka jete kat manm plan sante oubyen plan dantè w la si ou kalifikasyon w fini. W ap resevwa yon nouvo kat manm nan plan w lan lè ou vin kalifye ankò.

## PWOTEJE KAT LA

Fè atansyon ak kat dore w la ak kat manm plan sante ou a. PIGA OU JANM PRETE MOUN KAT OU YO. Fè atansyon pou w pa domaje kat ou yo. Piga ou ekri sou kat ou yo. Pwoteje bann nwa ki sou do kat la. Mete kat ou yo menm kote ak lòt kat enpòtan ou yo, tankou lisans ou oswa kat Medicare ou.



AJANS POU ADMINISTRASYON SWEN SANTE

# JAN POU ITILIZE SISTÈM SWEN SANTE FLORIDA A



# SÈVIS KI GARANTI

## SÈVIS FLORIDA MEDICAID GARANTI YO

Sèvis doktè, enfimyè praktisyen avanse ki diplome, asistan doktè, kiwopraktè, doktè pye, medikaman sou preskripsyon, enfimyè fam-saj ki gen lisans ak ki sètifye, ekipman medikal dirab ak atik medikal, planin familyal, transpò ijan ak non ijan, dyaliz, kèk swen pou dan, swen pou zye, ospis, transplantasyon, sant sante riral ekip ki gen kalifikasyon federal, sante lakay, sèvis laboratwa ak radyografi, sèvis sante mantal kominotè, sèvis Depatman Sante Konte a, sèvis lopital pou pasyan ki entène ak sa ki pa entène ak sèvis nan yon mezon retrèt. Kèk nan sèvis sa yo kapab gen limit epi ou kapab bezwen sèvis otorizasyon avan pou resevwa yo.

## SÈVIS FLORIDA MEDICAID POU TIMOUN KI ANBA LAJ 21 NAN

An plis sèvis yo ki anwo a, sèvis pou timoun gen ladan yo tou: tès depistaj sante konplè, swen konplè pou dan, terapi, enfimyè prive, swen pèsonèl, swen medikal nan fanmi dakèy, entèvansyon pou timoun ptit, sant sante pedyatrik preskri pwolonje, sèvis nan kominote a, sèvis pou analize konpòtman ak sèvis nan lekòl.



### MACHE AK KAT OU

Toujou pote kat gold oubyen kat manm plan w lan avèk ou depi ou prale kay yon doktè, lopital, famasi, oubyen ou bezwen nenpòt sèvis medikal. Pote kat ou an avèk ou tout tan nan ka ou bezwen swen medikal ijans.

### LÒT ASIRANS

Si ou gen lòt asirans ki kapab garanti kèk oswa tout nan swen medikal ou yo epi ou resevwa sèvis nan men yon pwofesyonèl swen sante Medicaid, pa blyie di pwofesyonèl swen sante Medicaid la ou gen lòt asirans. Lòt asirans kapab gen ladan Medicare, Champus, Asirans Pou Aksidan Nan travay, yon sipleman Medicare, asirans pou aksidan oswa nenpòt asirans ki kapab bay pwoteksyon medikal.

### SI OU PA FLORIDA

Si w ap vizite eta ki pa Florida, Medicaid Florida ap peye sèlman pou swen ijans oubyen pou swen ki te òganize epi apwouve pa Medicaid Florida alavans. Si yon pwofesyonèl ki pa nan eta a vle aksepte Medicaid Florida, kite pwofesyonèl sa itilize kat gold ou an oubyen kat manm plan w lan pou verifye si w kalyife.

### DWA POU KONTESTE

Piga ou bay oswa prete kat dore oswa kat manm plan sante ou a bay okenn lòt moun. Si nenpòt moun ofri ou lajan oswa bagay ki pa gen pou wè ak Medicaid pou w ka kite yo itilize kat ou, oswa si yon moun rekòmande ou swen medikal ou pa bezwen oswa sanble yo ba ou li plis pase sa ki nòmal, oswa si yon moun eseye fè ou fin yon pasyan, deklare sa nan Liy Fwod Medicaid la, Medicaid Fraud Hotline nan **1-888-419-3456**.

### FWOD

Ou pa dwe bay oubyen prete kat gold oubyen kat manm plan w lan a okenn moun. Si nenpòt moun ofri w lajan oubyen atik ki pa Medicaid pou itilize kat ou an oubyen rekòmande swen medikal ou pa bezen oubyen ki parèt pi souvan ke nòmal, oubyen eseye fè w vin yon pasyan, repòte sa bay Liy Ijans kont Fwod Medicaid ou an nan **1-888-419-3456**.

### RELE PWOFESYONÈL SWEN SANTE A AVAN

Rele pwofesyonèl sante w la si ou gen yon kesyon konsènan nenpòt fakti medikal yo chaje ou. Asire ke yo genyen nimewo Medicaid Florida ou epi ke yo konnen pou faktire Medicaid Florida. Si ou enskri nan yon plan sante oubyen plan dantè, asire ke pwofesyonèl sante w la fè pati rezo plan w lan.

### YO PA KA CHAJE OU

Pwofesyonèl swen sante yo pa ka chaje ou pou verifye si asirans ou bon ou pa.

### SI OU DEMENAJE

Si ou Kite Florid, ou sipoze kontakte Depatman Timoun ak Fanmi oswa Biwo Sekirite Sosyal la. Si ou kite Florida pou w al viv nan yon lòt eta, ou p ap gen Florida Medicaid ankò.

### AVAN OU JWENN SWEN MEDIKAL

Yon pwofesyonèl swen sante se yon moun ki ba ou sèvis medikal oswa sèvis ki asosye ak swen medikal. Pa blyie mande doktè, famasi, oswa lòt pwofesyonèl swen sante yo si yo aksepte Florida Medicaid pou peye pou sèvis yo bay. Sinon, ou kapab oblige peye ou menm.

Ou dwe asire ke sèvis ou pral resevwa a kouvari pa Medicaid Florida. Toujou montre kat dore ou an, kat manm plan sante oubyen plan dantè. Montre kat ou nan famasi a anvan ou fè pwovizyon pou preskripsiyan w lan.

### KOPEMAN

Granmoun yo kapab oblige peye yon pati nan pri pou swen medikal yo ak yon ti kopeman pou kèk sèvis. Fòk ou peye pwofesyonèl swen sante ou nenpòt kopeman ki nesesè. Si ou pa gen kopeman ou, doktè a pa ka refize wè ou pou swen medikal ou a. Rele Medicaid Helpline nou an nan **1-877-254-1055** si ou gen kesyon konsènan ki sèvis ou bezwen peye yon kopeman pou yo.

Si ou enskri nan yon plan sante oubyen plan dantè, ou ka pa genyen pou w peye yon ko-pèman. Kontakte plan w lan pou kesyon konsènan dedikib yo.

### FLORIDA MEDICAID PA PRAL PEYE

Florida Medicaid pa pral peye yon pwofesyonèl swen sante si ou pa kalyife pou resevwa sèvis. Florida Medicaid pa pral peye yon pwofesyonèl swen sante si sèvis la pa garanti. Florida Medicaid pa pral peye yon pwofesyonèl swen sante si ou te rive sou limit yon sèvis medikal ki gen limit. Rele Medicaid Helpline nou an nan **1-877-254-1055** si ou gen kesyon konsènan ki sèvis ki garanti ak limit sou sèvis yo.

Si ou enskri nan yon plan sante oubyen plan dantè, kontakte plan w lan pou kesyon sou sèvis li kouvari ak limit sèvis yo.